

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun nganalisis unsur éstétika nu ngawengku wujud (rupa), bobot (eusi), jeung pintonan (*performance*) nu aya dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini. Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh unsur nu aya patalina jeung unsur éstétika nu dianalisis tina 23 judul guguritan dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim*. Guguritan nu kapaluruh dina ieu panalungtikan ngagunakeun aturan pupuh sekar ageung nu ngawengku kinanti, asmarandana, sinom, jeung dangdanggula. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Djelantik (1990) nu maluruh ngeunaan éstétika dina kumpulan guuritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini. Tiori ieu ngabagi kana tilu unsur éstétika. Salian ti éta tiori nu ngadeudeulan ieu panalungtikan nyaéta nu maluruh struktur puisi jeung puisi guguritanna. Tiori struktur puisi anu digunakeun nyaéta nurutkeun Alton C. Morris jeung I. A. Richad Alton C. Morris maluruh struktur lahir puisi anu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, majas, jeung ritme/rima (purwakanti). I.A. Richard maluruh struktur batin puisi anu ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Anapon anu maluruh struktur puisi guguritan nyaéta tiori nurutkeun konsép Satjadibrata (1952) jeung Soepandi (1958) anu ngawengku guru gatra, guru wilangang, jeung guru lagu.

Nilik kana wangunna, ieu kumpulan guguritan kaasup kana wangun puisi. Hal anu jadi dadasar, yén guguritan mangrupa karya sastra nu kauger ku aturan pupuh. Tina 23 judul guguritan nu dianalisis, aya 11 guguritan nu teu luyu jeung aturan. Salah sahiji kasang tukang teu luyuna guguritan jeung aturan pupuh lantaran pikeun ngudag pedotan sangkan bisa dihaleuangkeun dina tembang cianjuran. Salian ti struktur guguritan, ieu guguritan téh ngawengku struktur batin puisi (struktur lahir jeung struktur batin).

Diksi nu kapaluruh aya 23 data nu ngawengku kecap jeung frasa. Pilihan kecap jeung frasa nu dipilih minangka nu bisa ngawakilan diksi éstétik (éndah). Unsur lahir nu kadua nyaéta kecap kongkrit. Kecap kongkrit anu digunakeun ku nu ngagurit nyaéta nu aya patalina jeung alam sabudeureunana. Unsur lahir nu katilu nyaéta imaji nu ngawengku imaji panénjo, imaji pangdégé, imaji pangambeu,

Anisa Apriliyani, 2023

*AJÉN ÉStÉTIKA DINA KUMPULAN GUGURITAN JALADRI TINGTRIM*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

imaji pangrasa jeung imaji gerak. Unsur lahir nu kaopat nyaéta gaya basa. Gaya basa nu kapanggih dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* di antarana gaya basa ngupamakeun, gaya basa lalandian, gayabasa mijalma, gaya basa kadalon, gaya basa kahanan, gaya basa rarahulan, jeung gaya basa pamulang. Unsur lahir nu pamungkas nyaéta purwakanti. Dumasar analisis saacanna, purwakanti nu kapaluruh dina ieu kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti mindoan kawit, jeung purwakanti laraswekas.

Struktur batin puisi nu aya dina kumplan guguritan *Jaladri Tingtrim* nyaéta téma, nada (*tone*), rasa (*feeling*), jeung amanat. Téma anu kapaluruh tina 23 judul guguritan nyaéta kaagamaan (hubungan manusa jeung Gustina), manusa jeung dirina, cinta/asmara, kacinta ka lemah cai, jeung sosial (manusa ka sasama). Nada anu kapanggih dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* nyaéta lugas, pasrah, meupeujeuhan, nyindir, jeung kasmaran. Rasa anu kapaluruh nyaéta pasrah, bingung, sono, waas, gagah, sedih, jeung ceuceub. Amanat nu kapaluruh dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* nyaéta peupeujeuh pikeun pikeun kahirupan nu disamunikeun ngaliwatan idiom-idiom nu ngencar tina paradigma agama ogé alam sabudeureunana .

Bobot atawa eusi dina guguritan kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* ngawengku suasana, gagasan (*ide*), Eusi guguritan dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* bisa ngeuyeuban pikeun nyawang kahirupan nu bakal méré kesan tingtrim dina hirupna.

Pintonan dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* ngawengku bakat, kaparigelan, jeung sarana. Tilu unsur ieu mampuh ngawakilan eusi tina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim*. Upamana unsur warna biru dina jilid ngalambangkeun warna samudra, hartina samudra ieu manrupa kecap jaladri jeung méré gambaran anu tengtrem genah katénjona

Kacindekan tina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* karya Dyah Padmini téh miboga unsur éstétika nu lengkep. Ieu hal kapaluruh dina sababaraha unsur nu kapanggih, salah sahijina aya nyampak dina kekecapan nu dipilihna éndah tur miboga ma'na anu teleb.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, hususna kasusastraan jeung widang éstétika nu nyangkarukna. Salian ti éta ieu panalungtikan téh kacida mangaruhanna pikeun nyawang kahirupan lantaran ajén-ajén nu nyangkaruk di jerona. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran paélmuan sastra, hususna dina karya sastra guguritan. Salian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun atikan.

## 5.3 Rékoméndasi

Tina ieu hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun pikeun sababaraha pihak. Ieu rékoméndasi ditujukeun pikeun panalungtik, guru, jeung masarakat umum.

Pikeun panalungtik dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar. Salian ti éta, ieu panalungtikan dina kumpulan guguritan *Jaladri Tingtrim* téh dipiharep bisa dipaluruh ngagunakeun pamarekan séjén.

Pikeun guru dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bahan ajar dina pangajaran sastra Sunda, hususna pangajaran guguritan.

Pamungkas, pikeun masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra, hususna dina karya sastra guguritan. Pon kitu deui, masarakat bisa leuwih mikawanoh jeung ngaumulé sastra guguritan.

### DAPTAR PUSTAKA

- Abdussamad, Z. (2021). *Metode Penelitian Kualitatif*. Makasar: Syakir Media.
- Danasasmita, M. (2011). *Sastra Sunda Lama Jilid Dua*. Bandung: Kelir.
- Djelantik, A. (1999). *Estetika Sebuah Pengantar*. Bandung: Masyarakat Seni Pertunjukan Indonesia.
- Hendrayana, D. (2017). Memelihara Riak Sastra Sunda. *Paramasastra*, 4(2), 252-253.
- Hendrayana, D. (2018). Guguritan Sunda dalam Tiga Penyair. *Jentera*, 7(1), 36-51.
- Isnendes, C. R. (2010). *Teori Sastra*. Bandung: JPBD FPBS UPI.
- Isnendes, C. R., Narudin, & Toyidin. (2018). *Teori Sastra Kontemporer*. Bandung: UPI Press.
- Kartika, D. S., & Perwira, N. G. (2004). *Pengantar Estetika*. Bandung: Rekayasa Sains.
- Koswara, D. (2021). *Sastra Sunda Klasik*. Bandung: UPI Press.
- Padmini, D. (2000). *Jaladri Tingtrim*. Bandung: Pustaka Jaya.
- Ratna, N. K. (n.d.).
- Ratna, N. K. (2007). *Estetika Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rosidi, A. (2011). *Guguritan*. Bandung: Kiblat Utama.
- Ruhaliah. (2018). *Wawacan Sebuah Genre Sastra Sunda*. Bandung: Pustaka Jaya.
- Ruhaliah. (2020). *Sejarah Sastra Sunda*. Bandung : UPI Press.
- Rusyana, Y., & Raksanagara, A. (1980). *Puisi Guguritan Sunda*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan kebudayaan.
- Sahir, S. H. (2021). *Metodolodi Penelitian*. Yogyakarta: KBM Indonesia.
- Sudaryat, Y. (2016). *Pakeman Basa Sunda: Ulikan Idiomatik Sunda*. Pustaka Jaya.
- Sudaryat, Y. (2021). *Leksikosemantik Basa Sunda*. Bandung: UPI Press.
- Triningsih, D. E. (2009). *Diksi (Piliha Kata)*. Klaten: Intan Pariwara.
- Waluyo, H. J. (2003 ). *Apresiasi Puisi*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.